

Komite Konsilitatif Paran sou Sante Bouch ak Dan

Medicaid se yon sous swen dantè enpotan, k'ap ede apeprè 40% tout timoun atravè eta Florid. Pwogram nan bay sèvis dan o konplè, sa ki lakòz sante dan timoun yo amelyore, sitou sa ki vilnerab yo: timoun ki pa gen mwayen, timoun ki gen bezwen espesyal ak andikap, ak timoun ki nan sitiyasyon fanmi dezespere (pa egzanp, swen adoptif, tretman rezidansyèl, timoun ki nan prizon. Malgre efò pwogram yo pou asire ke chak timoun gen swen yo bezwen pou yo viv byen, anpil timoun ki enskri nan Medicaid fè eksperyans pi gwo pousantaj maladi dantè epi fè fas ak gwo baryè nan aksè ak itilizasyon sèvis sante dan nan Florid.

Gen yon kantite prèv ki konekte sante dan ak sante ak byennèt jeneral ki ap vin pi enpotan, epi kenbe bon sante oral te vin bay yon gwo kè sote nan mitan paran ak moun k'ap okipe timoun ki enskri nan Medicaid. Oral Health Parent Advisory Committee (PAC) jwe yon wòl enpòtan nan asire aksè ekitab a bon jan kalite sèvis sante dan pou timoun pwogram Medicaid eta a sèvi. Oral Health PAC se yon gwoup pou defans timoun, ki gen ladann paran ak moun k'ap okipe yo ki soti toupatou nan eta Florid, ki gen mwens ke 18 lane, e ki konte sou Medicaid pou swen dantè yo. Komite a defann fanmi ki gen aksè ak swen dantè atravè Medicaid pou ede asire timoun ki enskri nan Medicaid ak fanmi yo gen yon opinyon ak yon opòtinite pou fòme sèvis yo resevwa yo.

Objektif PAC a se ogmante aksè ak kalite swen dantè regilye pou timoun ki enskri nan Medicaid atravè eta Florid la. Estrateji defans PAC a vize aji sou chanjman ak enfllyanse sistèm sante dantè a etan lap ranfòse aksè ak itilizasyon sèvis sante dantè pou konsomatè Medicaid.

Espesyalman, Agiman defans PAC yo santre sou priyorite sa a: Defann devlopman yon lis founisè Medicaid epi ajoute ladann regilyèman avek presizyon. Mank kapasite founisè sa a nan rezo Medicaid Florid la, mete ansanm ak lis founisè ki pa kòrèk yo vin mete anpil baryè ki pa enteresan pou paran ak moun k'ap okipe timoun ki enskri nan Medicaid, sa ki afekte aksè a swen epi kontribiye plis nan gwo diferans ki kontinye grandi nan domèn sante dantè popilasyon sa a.

Travay an kolaborasyon ak Florida Oral Health Alliance ak gwo rezo chanpyon kominotè FIHI, moun ki gen enterè nan sante oral ak patnè yo, PAC a vize aji sou chanjman nan konvèsasyon an ak dinamik pouvwa tradisyonèl yo pou arive ogmante pati nan vwa yo nan nivo nasyonal. Swiv eksperyans sante oral manm yo ak rechèch, resous, done, ak zouti ke FIHI devlope, PAC ap chèche patisipe aktivman kòm ajan chanjman ak lidè pou gide politik ak pratik ki priyorite epi adrese bezwen konsomatè yo.